

2/4/25

Chè Fanmi yo:

Chak ane, chak lekòl piblik ak distri lekòl nan Massachusetts resevwa yon kanè. Menm jan kanè pitit ou a montre kijan yo ap mache nan diferan matyè, kanè lekòl la fèt pou montre fanmi yo kijan lekòl nou an ap mache nan diferan domèn. Men yon lyen ki mennen nan kanè nou an [Kanè Lekòl Mwayen-Segondè Holbrook](#).

Kanè a gen ladan plizyè mezi pèfòmans yon lekòl - plis pase jis nòt MCAS. Li reprezante yon nouvo fason pou gade pèfòmans lekòl la, nan bay enfòmasyon sou siksè elèv yo, kalifikasyon pwofesè yo, opòtinite aprantisaj elèv yo, ak plis ankò. Kanè yo fèt pou vin zouti itil pou tout moun ki konekte ak lekòl nou an. Fanmi yo ka sèvi ak enfòmasyon yo pou yo fè konvèsasyon ki gen sans avèk nou sou sa lekòl la ap fè byen ak kote ki gen plas pou amelyorasyon. Lidè kominotè ak edikasyon yo ka itilize enfòmasyon yo pou pi byen konprann kijan pou sipòte elèv yo ak lekòl nou an.

Massachusetts itilize enfòmasyon ki gen rapò ak pwogrè nan objektif amelyorasyon, percentile responsabilite, pousantaj gradyasyon, ak pousantaj patisipasyon MCAS pou detèmine klasifikasyon jeneral chak distri ak lekòl. Pifò distri ak lekòl yo plase nan de kategori: sa yo ki bezwen asistans oswa entèvansyon nan men eta a, ak sa yo ki pa bezwen asistans oswa entèvansyon.

- Klasifikasyon jeneral nou an se *Moderè pwogrè nan direksyon objektif*, sa vle di nou pa bezwen asistans oswa entèvansyon nan men leta.
- Lekòl nou an ap fè *pwogrè modere nan objektif yo* pou pifò mezi responsabilite yo. Nou *pwogrè nan objektif amelyorasyon se 41%*.
- An jeneral, *lekòl nou an fè pi bon pase 56% nan klas mwayen/segondè oswa K-12 lekòl nan tout eta a. Nou percentile responsabilite se 56%*.

Si pitit ou a ale nan yon lekòl ki resevwa lajan federal Tit I, ou gen dwa tou pou mande enfòmasyon sa yo sou kalifikasyon pwofesè salklas pitit ou a:

- Kit pwofesè pitit ou a gen lisans nan nivo klas yo ak matyè yo anseye yo,
- Kit pwofesè pitit ou a ap anseye anba yon lisans ijans oswa yon dispans,
- Diplòm kolèj ak pi gwo pwofesè pitit ou a, epi
- Kit parapwofesyonèl bay pitit ou a sèvis e, si wi, kalifikasyon yo.

Si w gen kesyon sou kanè lekòl nou an, ou ta renmen patisipe nan aktivite amelyorasyon lekòl la, oswa ou ta renmen mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè pitit ou a, tanpri kontakte Madam Jennifer Bates, Direktè a, nan jbates@holbrook.k12.ma.us oswa 781-767-4616.